

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.3. Kasang Tukang Panalungtikan**

Euyeubna wangun karya sastra anu dituturkeun ku produktivitas pangarang nu tuluy nambahana unggal jamanna, ngalantarankeun ayana hal-hal nu katitén miboga sasaruuan, boh karya sastra nu sawanda boh nu teu sawanda. Saperti naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” karya Sayudi jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” karya Hato’an Wangsasenjaya. Bisa jadi duanana silih pangaruhun atawa aya pangaruh tina carita pantun lutung kasarung nu geus aya ti béh ditueunna. Éta dua naskah ogé gumelar dina pajamanan anu bédha. Naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” geus aya ti taun 1981. Ari naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” mah rada ka béh dieunakeun nyaéta aya dina taun 2000, heuleut 19 taun gumelarna.

Nurutkeun Dian Héndrayana (Wawancara, 27 Séptember 2018), naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” sabenerna geus mimiti digarap ti taun 1980 nu ditulis ku Sayudi tur anggeus dina taun 1981. Saméméh éta naskah aya, saacanna aya carita pantun Lutung Kasarung anu ditranskrip ku Ajip Rosidi nu gawé bareng jeung Sayudi. Ku kituna, gedé kamungkinan yén naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” téh nyokona kana carita pantun nu saméméhna geus ditranskripsi téa. Bisa jadi naskah gending karesmén gé meunang pangaruh ti naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” atawa disababkeun ku ayana tradisi lisan (dongéng) lutung kasarung anu geus dipikanyaho ku masarakat Sunda. Kabuki ku ayana karya sastra wangun novel, di antarana *Purba Sari Ayu Wangi* atawa *Lutung Kasarung* karya Ajip Rosidi nu medal taun 1962. Éta novel ditulis dina basa Indonesia tur geus opat kali dicitak nepi ka taun 2008. Salian ti Ajip Rosidi, Ahmad Bakri ogé nulis novel dina carita anu sarua, judulna *Sanghiang Lutung Kasarung* anu medal dina taun 1976. Dumasar kana éta data, atra pisan yén carita lutung kasarung téh geus teu ahéng deui pikeun masarakat Sunda.

Naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” dijieun keur nyumponan kabutuhan rékaman sora, tapi lain hartina henteu bisa dipagelarkeun. Naskah “Lutung Kasarung” meunang Sayudi kungsi sababaraha kali dipintonkeun di Grha

Sanusi Universitas Padjadjaran dina wongun sétra karesmén. Hartina, nu ngalalakonna nyaéta juru mamaos ngaliwatan rumpaka lagu. Éta pagelaran diaprésiasi ku sababaraha kalangan masarakat, di antarana, mahasiswa, akademisi, budayawan, sastrawan, seniman, jeung barudak sakola. Ari gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” karya Hato’an Wangsasenjaya mah kungsi dipagelarkeun di Sabuga taun 2000, tur dijieu laporan ku Dian Hendrayana, nu harita mancén jadi wartawan *Pikiran Rakyat*. Ieu pagelaran ogé meunang aprésiasi anu hadé ti sakabéh panongton.

Kalungguhan karya sastra raket patalina jeung kahirupan manusa, lantaran konflik jeung kajadian-kajadian di jerona loba nu ngangkat fakta jeung pangalaman hirup manusa nu ditambahan ku unsur fiksi. Semi (2012, kc. 92) nétélakeun karya sastra narima pangaruh ti masarakat, sakaligus mampuh méré pangaruh pikeun masarakat, malah, masarakat mindeng nangtukeun ajén kana karya sastra dina hiji jaman. Ari pangarang karya sastra taya lian ti anggota masarakat di sabudeureunana. Ku kituna, payus pisan lamun karya sastra dipaké média pikeun nyurahan rupaning masalah nu jadi pieunteungeun pikeun kahirupan manusa. Salasahiji karya sastra nu dipigandung ku masarakat nyaéta naskah drama anu ditransformasi kana pintonan drama. Salian ti dijadikeun sarana hiburan, pagelaran drama ogé bisa dijadikeun média dina ngaaprésiasi karya sastra pikeun barudak sakola, katingali tina antusiasme barudak sakola nu sok nongton pagelaran drama di gedong-gedong kasenian.

Dina naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”, nyampak ajén-ajén atikan anu bisa dicangking ku nu nongton, di antarana waé sikep silih pikanyaah jeung papada dulur. Éta hal katingali tina pasipatan Purbasari waktu ngaheuyeuk nagri dibarengan ku rasa deudeuh ka dulur-dulurna. Salian ti éta, sipat sabar jeung sadrah Purbasari, katitén pisan waktu manéhna diboboréh tur dibuang ka Gunung Cupu Mandalayu ku paréntah lanceukna, Purba Rarang. Purbasari henteu peunggas harepan, manéhna justru tetep nyaah ka Purba Rarang. Éta ajén-ajén téh penting pisan pikeun kahirupan jaman kiwari, lantaran loba kajadian-kajadian anu patukang tonggong jeung ajén-ajén kamanusaan, hususna di lingkungan kulawarga.

Tyas Nastiti Puri, 2019

**BABANDINGAN NASKAH SÉTRA KARESMÉN “LUTUNG KASARUNG KARYA SAYUDI” JEUNG NASKAH GENDING KARESMÉN “PURBASARI AYUWANGI” KARYA HATO’AN WANGSASENJAYA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Boh naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” boh naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”, duanana mangrupa karya sastra dina wangu drama. Isnendes (2010, kc. 75) ngabagi drama jadi dua rupa, nyaéta drama tradisional jeung drama modérn. Warna drama modérn aya nu disebut drama anu pidanganana ditembangkeun/dikawihkeun/semi modérn jeung dilakonkeun biasa. Drama tradisional téh mangrupa wangun téater hasil kréativitas masarakat étnik, contona longsér. Di Tatar Sunda, drama diolah tina carita pantun, dongéngdongéng, sisindiran, jeung sastra lisan séjénna. Ari drama nu ditembangkeun atawa dikawihkeun, disebutna gending karesmén.

Kiwari, sababaraha wangun drama nu aya di Jawa Barat henteu sakabéhna dipikawanoh ku masarakat Sunda. Salasahijina nyaéta gending karesmén. Anu disebut gending karesmén nyaéta pagelaran drama anu dialog-dialogna dikawihkeun atawa ditembangkeun, dibarengan gerak ibing, sarta dipirig ku tatabeuhan (Iskandarwassid, 2016, kc. 91). Ditilik tina pidanganana, gending karesmén bisa disebut ogé drama kolosal, lantaran dina pagelaran gending karesmén mangrupa gabungan ti sababaraha rupa seni, di antarana seni sora, seni musik, seni rupa, seni pagelaran, seni peran, seni tari, jeung seni sastra (Rahimakumulloh, 2015). Lian ti prosésna nu panjang, gending karesmén ogé miboga kapunjulan dina milih aktorna, ku lantaran aya kritéria nu kudu dicumponan ku aktor dina widang sora jeung ngawasa lagu lian ti ngawasa gerak atawa metakeun adegan.

Salian ti gending karesmén, aya ogé anu disebut sétra karesmén. Dina gending garesmén, aktor kudu bisa nembang jeung metakeun adegan. Ari dina sétra karesmén mah nu jadi aktorna sok panembangna waé, lantaran henteu kudu metakeun adegan. Panembang ngan sakur nembangkeun lalakon caritana dina naskah anu geus dijieun. Saperti nu ditétélakeun ku Hendrayana (2016, kc. 160161) yén pidangan sétra karesmén mah rumpakana téh ngalalakon; antara lagu nu hiji jeung lagu lianna mibanda jejer nu gumulung, henteu paharé-haré. Ku kituna, dina sétra karesmén mah mibutuh garapan tata karawitan nu mundel. Ngan saeutik bédana jeung gending karesmén. Dina gending karesmén mah, éta lalaguan téh dihaleuangkeun bari éktung. Dialog téh sok silitémbalan ku lagu baé, boh ku lagulagu cianjuran boh ku kawih kacapian, degung, atawa kiliningan.

Tina hasil idéntifikasi, kapanggih ayana bbédaan jeung sasaruaan dina ieu dua naskah nu ngirut pikeun ditalungtik. Lian ti wangun gending jeung sétra karesménna nu bisa leuwih dipikawanoh ku masarakat Sunda, eusi caritana ogé bisa dibandingkeun. Duanana miboga unsur anu béda sanajan asalna tina carita anu sarua. Upamana palaku Aki Balangantrang dina naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” miboga watek tur pacabakan anu sarua jeung palaku Aki Panyumpit dina naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” nyaéta tukang néwak sasatoan, atawa ayana tokoh Nini Balangantrang dina naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung”, tapi henteu kapanggih dina naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”.

Anu disebut babandingan dina karya sastra nurutkeun Wellek jeung Warren (1990, kc. 49) nyaéta studi nu matalikeun antara dua kasusastraan atawa leuwih. Hartina, bahan anu dibandingkeun téh nyaéta hiji karya sastra jeung karya sastra séjénna nu silih pakait tur miboga sasaruaan atawa bbédaan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Damono (2009, kc.1) sastra bandingan téh mangrupa pamarekan élmu sastra nu teu miboga tiori sorangan. Bisa disebutkeun yén tiori naon waé ogé bisa dipaké dina panalungtikan sastra bandingan saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ku lantaran kitu, hal-hal anu bisa dibandingkeun dina ieu panalungtikan réréana tina struktura. Ku kituna, ieu panalungtikan dipesék maké péso struktural. Wellek & Warren (1990, kc. 159) nétélakeun struktur mangrupa hiji cara nganalisis “bahan” atawa eusi pikeun ngahontal fungsi éstétis dina karya sastra. Struktur ngawengku eusi, wangun, jeung sajauh mana hiji karya sastra miboga fungsi éstétis. Anu dimaksud di dinya nyaéta unsur-unsur intrinsik atawa unsur pangwangun nu ngajadikeun hiji karya sastra bisa hirup kalawan éstétis.

Anu dianalisis dina ieu panalungtikan nyaéta struktur naskah drama jeung unsur carita naskah drama. Struktur naskah drama, di antarana prolog, épilog, dialog, babak, aside, solilokui, degan, jeung kramagung. Unsur-unsur carita naskah drama nurutkeun konsép Stanton nyaéta fakta carita, téma, jeung sarana carita. Satulunya dibandingkeun sasaruaan atawa bbédana naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” karya Sayudi jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” karya Hato’an Wangsasenjaya ngagunakeun métode sastra bandingan.

Panalungtikan ngeunaan naskah drama dina wangan gending karesmén salasahijina nyaéta jurnal *Pendidikan Karakter dalam Naskah Gending Karesmen Si Kabayan jeung Raja Jimbul Karya Wahyu Wibisana* ku Sanjani Rahimakumulloh. Dina éta panalungtikan henteu medar ngeunaan strukturna sacara jero, tapi ngan nganalisis ajén atikan karakter nu nyampak di jero naskah. Ari panalungtikan ngeunaan sastra bandingan salasahijina nyaéta skripsi “Babandingan Plot jeung Penokohan dina Novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle” ku Resa Rangga Resmana taun 2017. Sanajan medar ngeunaan struktur, panalungtikanana diwatesanan nyaéta ngan saukur medar ngeunaan alur jeung penokohanana. Salian ti éta, aya ogé panalungtikan dina wangan skripsi nu ditulis ku Yogi Permadi dina taun 2017, nu judulna “Babandingan Dongéng Dalem Boncél, Malin Kundang, jeung Nini Kudampai pikeun Pangajaran Maca Dongéng di Kelas VII SMP (Ulikan Struktural jeung Atikan Karakter)”. Éta panalungtikan ngabandingkeun ngeunaan struktur carita jeung ajén-ajén atikan karakter nu nyampak dina dongéng tur dipatalikeun jeung bahan ajar di kelas VII SMP saluyu jeung kabutuhan kurikulum anyar. Panalungtikan séjenna aya anu medar ngeunaan carita anu sarua, nyaéta panalungtikan ngeunaan karakter wanoja dina carita pantun *Lutung Kasarung* anu ditalungtik ku Réty Isnédés jeung Dingding Haérudin dina jurnal anu judulna “A Discourse of the Female Body in an Ancient Sundanese Literary Work of *Lutung Kasarung*: An Eco-Feminist Approach”.

Bédana jeung panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan bakal medar ngeunaan babandingan struktur sacara gembleng, nya éta penokohan, alur, latar jeung ruang, garapan basa, sarta téma jeung amanat. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Babandingan Naskah Sétra Karesmén “Lutung Kasarung” Karya Sayudi jeung Naskah Gending Karesmén “Purbasari Ayuwangi” Karya Hato’an Wangsasenjaya (Ulikan Struktural)”.

## 1.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditulis dina wangan pananya.

- 1) Kumaha struktur naskah drama sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”?

- 2) Kumaha unsur carita naskah drama sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”?
- 3) Kumaha babandingan struktur naskah drama jeung unsur carita dina naskah sétra karesmén ““Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1. Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaraksa jeung ngariksa sastra Sunda, mikanyaho hasil analisis struktural jeung babandingan naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” karya Sayudi jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” karya Hato’an Wangsasenjaya. Ieu hasil panalungtikan ogé bisa kapaké dina panalungtikan satuluyna.

#### **1.3.2. Tujuan Husus**

Sangkan leuwih jéntré tina tujuan umum di luhur, ieu di handap dituliskeun tujuan husus panalungtikan nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah. Tujuan hususna nya éta:

- 1) maluruh struktur naskah drama sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”;
- 2) maluruh unsur carita sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”;
- 3) medar babandingan struktur naskah drama jeung unsur carita sétra karesmén “Lutung Kasarung” jeung gending karesmén “Purbasari Ayuwangi”.

### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1. Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis mangpaat ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajaga eksistensi drama dina wangun gending karesmén jeung sétra karesmén nu mangrupa warisan keur para nonoman Sunda ka hareupna. Lian ti éta, hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké tur ngawewegan widang paélmuan séjénna hususna widang sastra.

#### **1.4.2. Mangpaat Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur pamaréntah dina raraga ngadokuméntasikeun seni drama modern dina pidangan sétra karesmén

jeung gending karesmén. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan téh bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran drama di sakola.

#### **1.4.3. Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta:

- 1) pikeun widang sastra, bisa leuwih mikawanoh jeung neuleuman kana karya sastra drama dina wangun gending karesmén jeung sétra karesmén;
- 2) pikeun widang atikan, bisa jadi bahan référénsi pikeun para akademisi dina nalungtik karya sastra hususna drama;
- 3) pikeun panalungtik, bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan ngeunaan panalungtikan sastra.

#### **1.4.4. Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ka masarakat ngeunaan wangun drama sétra karesmén jeung gending karesmén. Lian ti éta ku ayana pidangan-pidangan drama téh dipiharep ogé bisa méré hiburan keur masarakat.

### **1.5. Raraga Tulisan**

Bab I, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta mangpaat panalungtikan. Tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus. Sedengkeun mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis, mangpaat kawijakan, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina isu jeung aksi sosial. Lian ti éta, dina pedaran Bab I medar ngeunaan raraga tulisan sacara sistematis.

Bab II, eusina ngawengku tiori-tiori jeung konsép anu jadi dasar dina panalungtikan. Pedaranana ngeunaan tiori jeung konsép struktural, sarta tiori sastra bandingan, anu jadi péso pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III, medar ngeunaan métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, ngawengku desain panalungtikan, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV, ngadadarkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah, nya éta medar ngeunaan struktur naskah sétra karesmén “Lutung Kasarung” karya Sayudi jeung naskah gending karesmén “Purbasari Ayuwangi” karya Hato’an Wangsasenjaya. Satuluyna, hasil analisis struktur tina masingmasing naskah dibandingkeun ku cara didéskripsikeun.

Tyas Nastiti Puri, 2019

**BABANDINGAN NASKAH SÉTRA KARESMÉN “LUTUNG KASARUNG KARYA SAYUDI” JEUNG NASKAH GENDING KARESMÉN “PURBASARI AYUWANGI” KARYA HATO’AN WANGSASENJAYA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan. Lian ti éta aya implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.